

Vaksen COVID-19 yo: Sa w Sipoze Konnen



ENFÒMASYON: Vaksen COVID-19 yo pa p ba w COVID-19.

Onkenn nan vaksen COVID-19 ki rekòmande yo oswa ki otorize yo oswa ki an devlopman Ozetazini yo pa gen viris ki ap viv ki lakoz maladi COVID-19 la nan yo.



ENFÒMASYON: Vaksen COVID-19 yo pa p lakoz tè s COVID-19 ki detekte viris la pozitif.

Vaksen yo pa p lakoz tè s ki detekte viris yo pozitif, yo itilize tè s sa yo pou detekte si **aktyèlman ou gen yon enfeksyon.**



ENFÒMASYON: Moun ki te malad ak COVID-19 yo kapab toujou benefisye de vaksen an.

Nan moman an, ekspè yo poko konnen pou konbyen tan yon moun pwoteje apre li fin refè anba COVID-19 pou li re-genyen l ankò. iminizasyon yon moun genyen apre li te gen yon enfeksyon (iminizasyon natirèl) varye de yon moun a yon lòt. Gen kèk prèv nou gentan genyen ki ta vle fè nou konnen ke iminizasyon natirèl la ka pa dire lontan.



ENFÒMASYON: Lè ou vaksinen sa ka ede w epi anpeche w malad ak COVID-19.

Pa gen onkenn fason pou konnen kòman COVID-19 ap afekte w. Si w malad, ou kapab simaye viris la bay zanmi w, fanmi w, ak lòt moun akote w tou pandan w malad la. Vaksen COVID-19 la pwoteje w alèd yon antikò kont COVID-19 san ke w pa malad.



ENFÒMASYON: Resevwa yon vaksen COVID-19 pa p modifye ADN ou.

PVaksen ARNm COVID-19 (Pfizer ak Moderna) a montre selil nou yo kòman pou yo fè yon pwoteyin ki ap deklennche yon repons iminitè. Vaksen COVID-19 ki gen yon viris antake baz vektè yo (Johnson & Johnson) itilize vèsyon modifye yon viris ki diferan (vektè a) pou livre enstriksyon ki enpòtan a selil yo. Yo pa ni afekte ni entèraji ak ADN nou nan onkenn fason.